



# WILLIAM JAMES COLLEGE

INTERFACE Referral Service

## Eske ou poze tèt ou kesyon sou Swen Sante Mantal?

- Ki sèvis pou swen sante mantal ki egziste nan ak ozalantou kominote ou?
- Kijan pou jwenn chemen'w nan sistèm sante mantal ki nan Massachusetts?
- Ki kote ou jwenn gid ki pou ede'w nan pwosesis pou chèche sèvis swen sante mantal?

## Jwenn repons yo nan Sèvis Referans INTERFACE nan Kolèj William James

[interface.williamjames.edu](http://interface.williamjames.edu)

Sèvis Referans INTERFACE de Kolèj William James travay pou li ogmante konsyans sou pwoblèm sante mantal ki afekte timoun, fanmi, ak granmoun, e pou li fasilite aksè pou yo jwenn sèvis ki apwopriye. Vizite sit entènèt nou pou plis enfòmasyon ak gid pou kapab ede'w nan pwosesis rechèch pou sèvis swen sante mantal.

**Anplis, gen sèvis èd nan telefòn ki disponib nan:**

Billerica Public School Students

## Rele Liy Èd INTERFACE Kolèj William James la

**888-244-6843** pou enfòmasyon sou resous e/ou referans pou yon doktè ki bay swen sante mantal de yon resous ki gen eksperyans e yon konseye de referans.

INTERFACE<sup>®</sup> yon pwogram Kolèj William James, e li sipòte e kolabore pou gen aksè a sèvis nan Klinik Pou Jèn Moun nan Konte Suffolk ak Norfolk, Seksyon pou Respons a moun ke yo atake seksyèlman nan Depatman Komisyon pou Pwoteksyon Moun ki Paralize, Pwojè pou Aksè a Psikiat pou Timoun nan Massachusetts (MCPAP), MCPAP pou Manman.

Enfòmasyon  
sou Resous

Referans pou  
yon Doktè



## A Kisa pou Atann ou Lè'w Rele Liy Èd la

INTERFACE se yon liy èd pou jwenn resous ak referans pou swen sante mantal ki kominote nou gen yon kontra ak li pou li kapab ede rezidan nou yo e/ou elèv lekòl piblik yo pou yo kapab konekte yo ak swen sante mantal oubyen resous pou byenèt yo. Pi ba, w'ap jwenn enfòmasyon sou sa ke ou kapab atann ou lè ou rele Sèvis Liy Èd pou Referans INTERFACE la.

- 1. Admisyon**—Lè ou rele, w'ap pale ak yon konsyè pou resous ak referans pou kapab konplete yon admisyon konfidansyèl. Y'ap mande'w enfòmasyon'w, ki enkli: imèl ak nimewo telefòn ou, Enkyetid ke oumenm oubyen pitit ou genyen, ki tip de asirans ke ou genyen, preferans ou sou kijan de terapè ou vle ak ki tip de tretman ou vle, enfòmasyon sou kote ou rete, ak ki lè ou disponib pou yon randevou. Admisyon an pran apeprè 15-20 minit. Apre ke admisyon an finn fèt, y'ap ba ou yon nimewo dosye pou kapab sèvi ni nan INTERFACE la ak doktè ke yo mache ak ou. Yo sèvi ak nimewo dosye a pou pwoteje konfidansyalite ou. Dè fwa nou kapab bay plis oubyen diferan enfòmasyon a moun ki rele yo pou kapab satisfè bezwen imedyà yo oubyen enkyetid pou sekirite ke yon genyen.
- 2. Lè y'ap mache ou**—Konsyè resous ak referans ou ap rantre an kontak ak nou apre kelke jou de kou ke ou te rele a pou yo kapab entwodwi tèt yo e pou yo fè'w konnen ke yo kòmanse chache doktè pou ou. Konsyè resous ak referans INTERFACE yo ap sèvi ak enfòmasyon ke ou te bay nan admisyon pou yo chache yon match pou ou ak yon lis de plis de 9,000 doktè ki gen lisans e egzamine ki lokalize nan tout eta.
- 3. Doktè ki mache ak ou**—Depi yo idantifye yon doktè, yon konsyè resous ak referans INTERFACE ap rele'w pou li ba'w non doktè a, Kalifikasyon li, lokasyon li ak nimewo telefòn li. Epi y'ap ba ou lyen pou gid nan sit entènèt nou an ki kapab ede'w nan pwosesis pou chèche sèvis. Nou eseye pou nou jwenn o mwens yon match osi vit ke posib; men, dè fwa li pran jiska 3 semèn pou jwenn yon match. Byenke nou fè de meye nou pou nou jwenn yon match pou ou ak sa ki disponib, dè fwa match la kapab enkli opsyon pou rantre nan yon lis d'atant, paske match yo baze sou kritè ke ou te bay nan admisyon ak disponibilite resous yo.
- 4. Swivi**—Apre ke ou finn resevwa match yo, konsyè resous ak referans ou ak fè yon swivi ak ou nan 1-2 semèn pou li kapab wè si ou te kapab konekte ak doktè a(yo), e si ou te kapab, koman sa prale. Liy èd Referans INTERFACE travay pou li asire ke ou konekte ak yon bon match
- 5. Fèmen yon referans**—Depi ou santi ou te reyisi jwenn yon match, konsyè resous ak referans INTERFACE lan ap fèmen pwosesis referans lan avèk ou. Men, si ou santi ke ou bezwen plis sipò pi devan pou lòt referans oubyen si match la pa mache byen pou nenpòt ki rezon, tanpri konnen ou ka toujou rele Liy Èd la ankò pou detèmine pou pwochen etap pou pran nan pwosesis pou jwenn yon nouvo doktè.

---

Sèvis Liy èd Referans INTERFACE lan disponib pou ou de Lendi a Vandredi de 9am a 5pm (sa pa enkli jou ferye). Si nou gen anpil apèl oubyen ou rele lè nou fèmen, n'ap mande'w pou kite yon mesaj ak non'w, kominote kote ou rete ak nimewo telefòn ou e n'ap retounen apèl la osito ke posib. Si ou gentan ap travay ak nou, tanpri kite nimewo dosye a tou. Tanpri gade sit entènèt nan [interface.williamjames.edu](https://interface.williamjames.edu) pou plis enfòmasyon e pou yon lis konplè de kominote ke nou sèvi..